

Together to Kindergarten

Together to Kindergarten:

GRATIS!!

Yon pwogram ki prepare timoun Pou kindègaten nan Mize Long Island pou Timoun (`)

Pou fanmi ki pa fè edikasyon yo isit, ale lekòl Ozetazini, se yon esperyans ki ka entimide timoun e paran yo tou!

Together to Kindergarten: yon pwogram trè espesyal ki prepare timoun pou kindègaten. Pwogram sa a se Mize Long Island pou Timoun (**LICM**) ki kreye li pou ede timoun kap kòmanse Kindègaten an septanm ak tout fanmi yo yon tranzisyon fasil nan lekòl isit.

Pandan ete an, **LICM** ap genyen de sesyon kap dire 4 semèn chak.

Premye sesyon: Klas : lendi a vandredi, 30 jen– 25 jiyè, 2025

Oryantasyon: samdi, 21 jen, 2025

Dezyèm sesyon: Klas: lendi a vandredi, 28 jiyè – 22 out, 2025

Oryantasyon: samdi, 19 jiyè, 2025

Pwogram sa gratis.

Pou Timoun Yo...

Klas yo ap fèt an Anglè chak maten nan LICM de 9 è a midi.

Chak klas ap gen 20 timoun ak 4 pwofesè. Nap bay timoun yo bagay pou yo manje (kolasyon) e transpòtasyon si yo rete nan Uniondale ak Westbury.

Pou Paran Yo...

Yon paran ou gadyen timoun nan oblije asiste yon seminè kap dire de zè tan e demi, yon fwa sèlman chak semèn, pou kat semèn, nan mize a. Seminè sa yo ap aprann paran kijan pou yo pi byen sipòte pitit yo lekòl e lap fèt en kreyòl, anglè ak panyòl.

Tout fanmi ki patisipe nan Pwogram nan ap resevwa yon kat gratis pou yo ka vin manm Mize Long Island pou Timoun !

Pou ou anrejistre oubyen pou gen plis enfòmasyon: Rele Karoll Joseph nan nimewo 516-224-5844
kjoseph@licm.org

Fondasyon ak sosyete sa yo ki sipòte Together to Kindergarten:

Together to Kindergarten is supported by the generosity of these foundations and corporations:

NYS Assemblywoman Taylor Darling has allocated funds from the New York State Assembly • New York State Council on the Arts
• John and Janet Kornreich Charitable Foundation • The Ella Fitzgerald Charitable Foundation • JPMorgan Chase & Co. • The Marion O. and Maximilian E. Hoffman Foundation • M & T Bank Foundation

Program Underwriters

ABM Industries, Inc. • JP Morgan Chase & Co. • M & T Bank • Prestige PEO

